

Ana ak TiGa antann yo byen



Liv sa a ap ede elèv yo konprann

KOLABORASYON AK KOMINIKASYON

**Ana ak Tiga
antann yo byen**


Tit sa a fè pati seri Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan 1 savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sisyoloxi, antwopoloji ak reliyion ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domèn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyn Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlène Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsi pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsi tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.



Revizyon : MIT-Ayiti





Kad sa a dwe sèvi kòm sous ak gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl fondamantal, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl nan istwa peyi nou, Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>.



Tiga ak Ana se frè ak sè. Tiga gen 6 an ; Ana gen 1 lane an plis li. Ana ak Tiga antann yo byen. Yo renmen jwe ansanm, fè lago kache, jwe marèl, gade televizyon ansanm e latriye. Tiga konn mande Ana li yon liv pou li. Men, ane sa a, li kòmanse aprann li pou kont li. Ana kontan wè jan ti frè li ap aprann lekòl. Wi, 2 ti moun yo antann yo byen.



Tanzantan, yo fè ti diskisyon. Tiga pa renmen lè Ana di li sa pou li fè. Li toujou pare pou li di :

– Mwen se yon gran gason, Ana.

Lè kon sa, Ana reponn :

– Ou se yon gran gason. Men, m ap toujou pi gran pase w, Tiga.


Lè yo tande sa, manman ak papa ti moun yo toujou souri. Paran yo kontan wè jan yo antann yo byen.

MWEN
RENMEN
FÈ LEKTI



Anvan lekòl louvri, grann ti moun yo achte yon biwo fè yo kado. Ti biwo a bèl anpil, li fèt ak bwa kajou epi li gen 2 tiwa : yon tiwa a goch, yon tiwa a dwat. Sa ki a dwat la se pou Ana, sa ki a goch la se pou Tiga.

MWEN
RENMEN
FÈ LEKTI



Biwo a bèl, se vre. Men, li pa twò gran. Pa gen ase plas pou 2 ti moun yo travay an menm tan. Sa mennen konfli. Gen de lè, Ana fache paske Tiga gaye tout jwèt li yo nan mitan biwo a.



Gen de lè, se Tiga ki pote plent paske Ana te blyie retire tout bann bwat li yo. Ana renmen fè braslè. Li gen yon pakèt ti boul diferan koulè ak fil pou li fabrike braslè yo. Li ranje chak boul nan yon ti bwat pou chak koulè. Tiga di : « Ana pran tout plas la ». Depi kèk tan, chak jou se plent. Paran yo met 2 men nan tèt.



Yon jou, manman ak papa yo pa kapab ankò, yo rele tou lè 2 ti moun yo. Papa di :

– Se tout tan nou nan kont, sa pa ka kontinye kon sa. Biwo a se yon kado pou nou tou 2, fòk nou aprann itilize l'ansanm ; se frè ak sè nou ye. Pou ki sa n ap fè kont kon sa ?

Manman di :

– Jan nou antann nou byen dabitid. Sa k pase ?

Tou lè 2 kòmanse pale an menm tan :

– Se Ana ki toujou ap pran tout biwo a pou li avèk ti bwat li yo.
– Se Tiga ki kite tout kreyon koulè li yo sou biwo a. M pa ka fè devwa m.

Manman di :

– Dakò, m konprann nou tou lè 2 ka gen rezon pou nou pa kontan. Men, an nou gade sa ki ka fèt.

Papa di :

– Plenyen ak joure p ap rezoud pwoblèm lan. Fòk nou jwenn yon solisyon pou nou tou 2 ka itilize biwo a san pa gen kont. Nou dakò ?

Ti moun yo pa ko reponn. Yo kwaze bra yo, y ap tann sa paran yo pral di.



Manman di :

- N ap chache yon solisyon ki pa mande ni batay, ni plenyen. Se pa nan goumen ak joure nou dwe regle konfli.

Manman fè ti moun yo chita youn bò kote lòt. Li di :

- Biwo a se pou nou tou lè 2. Nou dakò ?
- Wi, Manman !
- Enben, si nou vle sèvi ak li san sa pa fini mal, n ap tabli règleman. Si nou suiv règleman yo, sa ta dwe pase byen. Men, fòk nou aksepte fè konpwomi.

Tiga mande :

- Ki sa ki règleman an ?

Manman reponn :

- Se yon seri kondisyon tout moun dakò pou yo suiv. Tankou nan foutbòl, gen règleman ; nou pa ka fè sa nou vle.

Ana mande :

- Wi ! Men, ki sa ki konpwomi an ?



Papa esplike :

– Se lè chak moun aksepte pa jwenn tout sa li te mande, pou tout moun ka benefisyé.
Kon sa, tout moun genyen kichòy. Nou dakò fè konpwomi ?

Ana reflechi, li di :

– Wi, Papa, m ap fè konpwomi.

Tiga reflechi, li di :

– Wi, Papa, mwen menm tou, m ap fè konpwomi.

Papa di :

– Manman nou avèk mwen, n ap ede nou tabli règleman yo. Men, se nou ki pou pale
pou nou di sa nou vle. Nou chak ap wè ki jan nou tou lè 2 ka itilize biwo a san youn pa
nui lòt .

Anpil pale fèt. Ana pale. Tiga pale.



Boutanfen, 2 ti moun yo konprann, kòm se yon sèl biwo, yo pa kapab itilize l lè yo pito, jan yo vle. Yo fè orè ni pou Ana, ni pou Tiga. Yo fè orè ni pou jou lekòl, ni pou samdi ak dimanch. Epi, dapre règleman an, moun ki sèvi ak biwo a an dènye dwe toujou kite l pwòp. Ana ekri règleman yo sou yon bél fèy papye epi Tiga kolorye yo.

Depi jou sa a, Ana ak Tiga travay san pwoblèm sou biwo a. Gen de lè, Ana ap pase, li gade koloryaj Tiga ap fè yo epi li di :

– Tiga, pa blyie, se pou w kolorye anndan liy yo.

Tiga reponn toutsuit :

– Ou pa bezwen di m sa pou m fè, Ana, m se...

Ana kouri fini fraz la, paske li konnen sa ti frè l pral di :

– ... yon gran gason ! Mwen konnen, Tiga. Men, m ap toujou pi gran pase w.

Wi, 2 ti moun yo antann yo byen.

Règleman

- 1 Suiv orè a.
- 2 Respekte bagay chak moun.
- 3 Travay ansanm pou netwaye biwo a
- 4 Pataje youn ak lòt

**Orè pou samdi
ak dimanch**

Samdi	dimanch
8 è - 10 è	13 è - 15 è
15 è - 20 è	

Mo vokabilè

Kajou : Se yon pye bwa ki gwo anpil. Yo itilize l pou fè mèb tankou : kabann, biwo, pàntyè, e latriye.

Konfli : Se lè moun pa vle antann yo sou yon bagay.

Marèl : Se yon jwèt 2 oswa plizyè ti moun ka jwe ansanm. Yo trase yon seri kawo atè ak lakrè oswa moso chabon. Ti moun yo gen pou yo sote sou yon pye, kèk fwa sou tou lè 2 pye yo soti nan yon kawo jis yo rive nan dènye kawo a, ki se syèl la.

Kesyon konpreyansyon

- 1 - Ki moun ki pèsonaj prensipal nan istwa a ?
- 2 - Di mwen ki sa ki vin kreye pwoblèm nan istwa a ?
- 3 - Esplike solisyon yo jwenn pou pwoblèm nan istwa a ?
- 4 - Ki pati nan istwa a ou pi renmen ? Pou ki sa ?
- 5 - Fèmen je ou epi di m ki sa ou ta chanje nan istwa a ? Ki sa ou ta renmen ki fèt yon lòt jan ?

Estrateji sosyal ak emosyonèl


Jan pou travay ansanm pou devlope règleman

- 1 - Pale sou pwoblèm lan pou tout moun konprann.
- 2 - Mande padon epi pran responsabilite pou sa ou fè ki mal.
- 3 - Travay ansanm pou jwenn yon solisyon pou pwoblèm lan.
- 4 - Revize solisyon pwoblèm lan pou tout moun konprann.



KOMINIKASYON

Ana ak Ti^ga






Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti

Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite

<https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Ana ak Tiga

RASABLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay nou ak resous nou, vizite <https://iei.nd.edu/gc-dwc-haiti>

Dwa d otè @ 2018 pou Sant Global pou devlopman entegral ti moun piti. Tout dwa rezèv. Pèsòn moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmisyon ekri ki soti nan men editè.